

Mizajou enpòtan sou Tribinal Imigrasyon an

Anpil moun ki gen ka ouvè nan Tribinal Imigrasyon an ap resevwa avi ki repwograme odyans preliminè ("master") yo pou yon dat pi bonè. Sa a se paske gen kèk tribinal imigrasyon, tankou Boston, Chelmsford, ak Hartford, k ap pwograme gwo odyans preliminè ("master"), pafwa ak plis pase 100 ka alafwa. Yo rele gwo odyans sa yo "mega masters".

Lè imigran yo parèt nan tribinal pou odyans "mega mè" sa yo:

- Anplwaye tribinal la ap verifiye tout moun ki pwograme pou sesyon an **prezan fizikman nan sal tribinal la nan kòmansman odyans lan.**
- Pifò moun ki ale nan odyans yo ap kite ak yon dat pou yon lòt odyans preliminè ("master").
- **Si moun rive an reta, parèt sou entènèt olye de prezan an pèsòn, oswa pa parèt nan odyans yo, yo ka bay lòd pou yo retire yo ("depòte") Ozetazini.**
- Gen kèk odyans k ap fèt nan yon fòm "stil salklas" kote yo bay enstriksyon bay anpil moun alafwa nan youn oubyen de lang prensipal.

Sa moun ki gen ka nan tribinal imigrasyon yo ta dwe fè:

- Asire w Tribinal Imigrasyon an gen adrès ou ki ajou. **Si ou demenaje, mete adrès ou ajou imedyatman** lè w ale sou <https://acis.eoir.justice.gov/en/>
- Tcheke lapòs ou regilyèman pou avi ki soti nan Tribinal Imigrasyon an ("EOIR") oswa DHS.
 - **Kenbe tout avi yo ak anvlòp lapòs yo.** Anvlòp yo montre ki lè yo te voye yon avi pa lapòs epi yo ka ede si yo rate yon odyans epi yo dwe relouvri yon ka.
 - Li avi odyans yo ak anpil atansyon pou wè si yo dwe ale nan odyans lan an pèsòn oswa si li otorize pou ale sou entènèt. **Lè w gen dout, li pi an sekirite pou w ale nan tout odyans yo an pèsòn.**
 - Si w pa konprann yon avi imigrasyon, konsilte avèk yon avoka kalifye oswa yon reprezantan akredite, oswa [kontakte Liy Èd Imigrasyon MIRA Coalition an.](#)
- **Tcheke sitiyasyon ka imigrasyon w lan sou entènèt oubyen pa telefòn chak jou** pou ka dat odyans ou a chanje. Pran yon kopi ekran ("screenshot") sitiyasyon ka w la, paske sa ka itil pita si ou rate yon odyans epi yo dwe relouvri yon ka.
- **Rive yon èdtan anvan odyans ou a** pou bay tan pou sekirite a, pou lokalize sal tribinal la, epi pou pran nouvel ak greffye tribinal la.
- Sonje ou **gen dwa a yon entèprèt gratis nan lang ou prefere a.** Si y ap fè anons nan yon lang ou pa konprann, **mande jij la oubyen greffye tribinal la pou yon entèprèt.**
- **Si ou rate yon odyans oubyen si yo bay lòd pou yo retire w Ozetazini, pale ak yon avoka imigrasyon kalifye oubyen yon reprezantan akredite imedyatman.** Gen dat limit strik pou fè apèl oubyen relouvri yon ka, pafwa menm 30 jou apre desizyon jij la.

SONJE: Yon odyans rate ka lakòz deportasyon! Tcheke regilyèman pou dènye nouvel sou dat odyans ou a, epi ale nan tout odyans yo jan yo pwograme.